



Vil Cambridge
Sèvis Gadri ak Sipò pou Fanmi DHSP
Frè Ekolaj Lekòl Matènèl yo
An Vigè: vandredi 1ye septanm 2023 – samdi 31 dawou 2024

Nan Depatman Pwogram Sèvis Sosyal yo (Department of Human Service Programs), n ap fè jefò pou nou rann pwogram nou aksesib pou tout fanmi ki nan Cambridge yo. Nou rete kwè resous fanmi yo pa dwe anpeche timoun yo resevwa yon edikasyon nan lekòl matènèl ak aprè lekòl ki gen kalite. Tout fanmi oblije bay prèv revni yo pou yo kalifye pou benefisye yon to ki pi ba nou genyen yo.

Cambridge gen 7 Lekòl Matènèl Aa ki atanplen (Haggerty, Kennedy Longfellow, King Open, M.L. King, Morse, Peabody, and Windsor) atravè minisipalite an ki fonksyone jiska 10 èdtan chak jou.

Revni Bri pou Fanmi an	Apeprè Pri Ekolaj Pou Chak Jounen**	Pri Ekolaj Pou Chak Mwa
\$252,401 – pi plis	\$84.94	\$1,840.42
\$189,301 - \$252,400	\$67.95	\$1,472.33
\$151,441 - \$189,300*	\$50.97	\$1,104.25
\$126,201 – \$151,440*	\$40.77	\$883.40
\$0 - \$126,200*	*Selon to debaz ki nan eta a pri ekolaj pou jounen an se \$63.22. Tout fanmi revni bri yo se ant \$0 jiska \$189,300 Minisipalite Cambridge lan sibvansyon yo pou peye mwens pase sa eta a mande pou jounen an. Fanmi ki gen revni yo ki ant \$0 jiska \$126,200 pral kalifye pou resevwa asistans adisyonèl pou peye frè ekolaj. Kantite lajan asistans ekolaj lan ye se selon revni bri fanmi an, kantite moun ki gen nan fanmi an, ak difikilte pèsònèl. Tanpri kontakte nou pou jwenn plis enfòmasyon sou montan bous pèsònèl yo.	

**Yo touche frè ekolaj yo selon to chak mwa yo. Yo kalkile to chak jounen an sou yon baz mwayèn ki se 22 jou kote y ap faktire w nan yon mwa.